



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK ST. JOHN'S UNIVERSITY ANONSE INOGIRASYON SANT  
SYANS SANTE ST. JOHN'S UNIVERSITY KI KOUTE 106 MILYON DOLA**

***Nouvo enstalasyon dènye kri a gen ladan 70,000 pye kare salklas, laboratwa ak  
espas biwo ki efikas pou enèji***

***Sant lan pral abrite nouveau pwogram syans enfimyè ak reyini pil vayete òf syans  
sante invèsite a nan yon anviwònman aprantisaj inik ak konplè***

***Nan Jounen Entènasyonal Enfimyè yo, envestisman an reflete pi gwo angajman  
anvè pèsonèl swen sante New York la***

***Reprezantasyon bilding lan yo disponib [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul ak St. John's University te anonse jodi a inogirasyon Sant Syans Sante St. John's University ki koute 106 milyon dola, yon nouvo bilding akademik 70,000 pye kare ki efikas pou enèji ki gen salklas, enstalasyon pou similasyon, espas biwo, espas kolaboratif ak teras anplennè. Nouvo Sant Syans Sante a prevwa ouvri otòn 2024 epi pral abrite yon fason pèmanan nouveau pwogram premye sik syans enfimyè nan St. John's University. Sant Syans Sante a resevwa Sibvansyon Kontrepati pou Kapital Edikasyon Siperyè nan Eta New York ki se 5 milyon dola ki soti nan Dormitory Authority of the State of New York ak 700,000 dola sibvansyon Empire State Development ki soti nan Faz XI inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal la.

"Pandan de dènye ane yo, enfimyè New York yo te devan liy pandemi COVID-19 la, epi nou dwe yo chak yon dèt rekonesans", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo Sant Syans Sante dènye kri sa nan St. John's University pral enpòtan pou edike pwochen jenerasyon enfimyè ki meyè ak pi entèlijan nan New York yo, asire yo pare pou yo mobilize ak pwoteje konpatriyòt Nouyòkè yo lè yo plis bezwen yo".

Sant Syans Sante a pral gen ladan salklas, swit similasyon dènye kri ak espas laboratwa modènize. Edikasyon similasyon se yon eleman kle nan edikasyon sou swen sante, ki itil pou anseye eksperyans klinik tradisyonèl. St. John's University pral itilize eleman similasyon yo pou rafine konesans disiplinè etidyan yo apati senaryo pasyan ki nan swen entansif.

Pandan similasyon, sitiyasyon klinik yo pral repwodui nan yon anviwònman aprantisaj kontwole apati mènken, pasyan simile oswa atravè mwayen vityèl pou pèmèt etidyan yo aplike konesans ak konpetans san yo pa riske sekirite pasyan. Senaryo similasyon yo fèt pou ankouraje etidyan yo evalye ak jere pasyan yo, idantifye ak priyorize pwoblèm pasyan epi reyalize entèvansyon prensipal yo pou swen pasyan ki efikas nan yon anviwònman sekirité.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare**, "Pandemi COVID-19 la te montre nou nesesite pou nou genyen pèsonèl enfimyè apwopriye, sa ki enpòtan pou asire aksè nan swen sante bon kalite pou tout Nouyòkè yo. Envestisman Eta New York nan Sant Syans Sante dènye kri St. John's University a reflete objektif estratejik nou sou devlopman mendèv ak pou mete aksan sou angajman New York pou ranfòse sistèm swen sante nou an. Nouvo Sant Syans Sante a pral kreye travay 21yèm syèk la nan kreye yon rezèv pèsonèl enfimyè nan rejyon an ki pral ede ranpli yon bezwen enpòtan atravè Eta a".

Inogirasyon Sant Syans Sante a kowenside ak Jounen Entènasyonal Enfimyè yo, ki mete aksan sou enpòtans pwofesyon enfimyè a. Lè li fini, nouvo enstalasyon an pral pèmèt St. John's University fòme etidyan-enfimyè ki gen zouti fòmasyon ak teknik ki pi inovatè disponib pou yo. Y ap aksepte kounye a aplikasyon pou diplòm Lisans nan Syans Enfiimyè Invèsite a epi preparasyon yo ankou pou premye gwoup etidyan yo kòmanse kou nan mwa out la. Nouvo pwogram lisans nan syans enfimyè a prevwa pwodui anviwon 125 enfimyè diplome chak ane.

**Senatè Eta a Leroy Comrie te deklare**, "Inogirasyon sa se yon fason gloriye pou selebre Jounen Entènasyonal Enfimyè yo, onore angajman St. John's University anvè kominote nou an ak make kòmansman sa pou yon bann fiti enfimyè ki pral trè byen fòme nan nouvo Sant Syans Sante sa a. Mwen rekonesan ke Gouvènè Hochul, epi kòlèg yo nan gouvènman an, te wè bon sans envestisman sou plizyè ane New York la nan pèmèt Sans Syans Sante a tounen yon reyalite. Mwen pa ka tann pou m kontinye travay ansanm avèk St. John's nan amelyore edikasyon, sante ak kominote nou pataje a".

**Manm Asanble David I. Weprin te deklare**, "Pandan pandemi COVID-19 la, nou te konte sou lopital nou yo ak pwofesyonèl swen sante premye liy nou yo pou sipòte nou ak fè sakrifis pou byennèt nou. Se te yon onè pou m patisipe nan seremoni inogirasyon maten sa a pou nouvo Sant Syans Sante nan St. John's University. Enstalasyon sa se yon envestisman enpòtan nan edikasyon swen sante nou ak enfrastrikti kominote a. Nan Jounen Entènasyonal Enfimyè sa a, mwen fyè pou mwen sipòte ewo aktyèl ak fiti nou yo nan swen sante".

**Ko-Prezidan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Vil New York, Winston Fisher, Patnè nan Fisher Brothers ak Félix V. Matos Rodriguez, Chanselye CUNY, te deklare**, "Envesti nan mendèv nou an se yon priyorite enpòtan pou Konsèy Rejyonal yo epi pandemi an te mete yon konsantrasyon sou nesesite pou elají rezèv talan enfimyè kalifye. NYREDC fyè pou li sipòte Sant Syans Sante a nan St. John's

University, ki pral yon envestisman alontèm enpòtan nan pwofesyonèl swen sante alavni yo ki pral elaji mendèv enfimyè nou an avèk travay ki byen peye pandan sa ap devlope ekonomi Eta a".

**Prezidan St. John's University, Rev. Brian J. Shanley, O.P., te deklare**, "Syans Enfimyè se pa sèlman yon travay oswa yon karyè, li se yon vokasyon—yon vrè apèl nan sèvis—kalite sèvis konpasyon ki nan kè misyon transfòmatè Katolik ak Vensensyen edikasyon St. John lan. Jodi a, avèk yon gwo envestisman ak pi gwo angajman syans sante yo, St. John's ap ede reponn apèl sa".

Nan Bidjè Fiskal 2023 ki adopte a, Gouvènè Hochul [te founi](#) yon envestisman istorik 20 milya dola sou plizyè ane ki pral kreye pi bon kondisyon travay pou pwofesyonèl swen sante yo, avèk 1.2 milya dola ki devwe pou bonis pwofesyonèl swen sante premye liy yo, ansanm ak envestisman 4.5 milya dola nan refòm peman. Lòt envestisman istorik yo gen ladan 2.4 milya dola ki repati pou amelyore enfrastrikti swen sante ak 3.9 milya dola nan finansman pou bay èd nan lopital ki gen difikilte finansye akòz pandemi COVID-19 la.

Ane pase, Gouvènè Hochul [te anone](#) Bousdetid "Enfimyè Pou Avni Nou" (Nurses For Our Future). Bousdetid la kouvri frè lekòl pou 1,000 travayè swen sante nouvo oswa aktyèl yo pou yo ka resevwa yon Diplòm Asosye nan Enfimyè (ADN) oswa yon Lisans Syans Enfimyè (BSN) nan yon kolèj oswa inivèsite Eta New York ki dire de ane oswa kat ane.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418